



Nim. 202.10

DEKRÈE GZEKITIF

Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

LÈ NOU KONSIDERE, pou asire Eta New York gen kantite kabann , founiti, ak founisè adekwa pou trete pasyan ki afekte ak COVID-19 la, ansanm ak pasyan ki afekte ak lòt maladi, gen yon enpòtans kapital; epi

LÈ NOU KONSIDERE, li nesèsè pou elimine nenpòt obstak nan pwovizyon founiti ak tretman medikal pou asire sistèm swen sante New York gen kapasite adekwa pou bay swen pou tout moun ki bezwen li;

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat mercredi 22 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Seksyon 2803 nan Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law), ak Pati 400, 401, 405, 409, 710, 711 ak 712 yo nan Tit 10 NYCRR, nan limit ki nesèsè pou pèmèt epi egziye lopital jeneral yo pran tout mezi ki nesèsè pou ogmante kantite kabann ki disponib pou pasyan yo, dapre direktiv ki endike nan Dekrè Egzekitif sa a;

- Seksyon 3001, 3005-a, 3008, ak 3010 nan Lwa sou Sante Piblik nan limit ki nesèsè pou modifiye definisyon "sèvis medikal ijans yo" pou enkli asistans medikal pou ijans, ki non ijans ak akwite ki ba; pou elimine nenpòt restriksyon sou yon sèvis anbilans apwouve oswa founisè ki opere andeyò tètwa prensipal ki nan lis ekplwatasyon sètifika sèvis anbilans sa a ak apwobasyon Depatman Sante a davans; pou pèmèt Komisè Sante bay sètifika founisè sèvis medikal ijans pwovizyonèl bay moun ki kalifye ak peryòd sètifika ki modifiye jan yo apwouve li; epi pou pèmèt sèvis medikal ijans yo pou transpòte pasyan yo nan lòt lokal ki pa enstalasyon swen sante yo avèk apwobasyon Depatman Sante a davans;
- Seksyon 3002, 3002-a, 3003, ak 3004-a nan Lwa sou Sante Piblik nan limit ki nesèsè pou pèmèt nenpòt devlopman pwotokòl tretman medikal ijans oswa modifikasyon dwe fèt sèlman ak apwobasyon Komisè Sante a;
- Seksyon 405.13 ak 755.4 Tit 10 NYCRR nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon enfimiyè ki anrejistre ak pratik avanse avèk yon doktora oswa yon metriz espesyalize nan administrasyon anestezi pou administre anestezi nan yon lopital jeneral oswa nan sant operasyon anbilatwa otonòm san sipèvizyon yon doktè ki kalifye nan anviwònman swen sante sa yo;
- Paragraf 1 nan Seksyon 6542 Lwa sou Edikasyon (Education Law) ak Sibdivizyon (a) ak (b) nan Seksyon 942 nan Tit 10 NYCRR nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon asistan doktè bay sèvis medikal ki apwopriye ak edikasyon, fòmasyon ak eksperyans li san sipèvizyon yon doktè sipèvizè san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank sipèvizyon yon doktè sipèvizè;
- Paragraf 1 nan Seksyon 6549 Lwa sou Edikasyon (Education Law) ak Sibdivizyon (a) ak (b) nan Seksyon 94.2 nan Tit 10 NYCRR nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon asistan espesyalist bay sèvis medikal ki apwopriye ak edikasyon, fòmasyon ak eksperyans san sipèvizyon yon doktè sipèvizè san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank sipèvizyon yon doktè sipèvizè;
- Sibdivizyon (3) nan Seksyon 6902 nan Lwa sou Edikasyon, ak nenpòt règleman ki asosye, ki enkli, men ki pa limite ak Seksyon 64.5 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon enfimiyè pratikan bay sèvis medikal ki apwopriye ak edikasyon, fòmasyon ak eksperyans li, san yon akò pratik ekri, oswa relasyon kolaborasyon ak yon doktè, san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak mank akò pratik ekri, oswa relasyon kolaborasyon, ak yon doktè;
- Sibdivizyon (15) nan seksyon 3001, ak Seksyon 800.3, 800.15 ak 800.16 nan Tit 10 NYCRR avèk apwobasyon depatman an, nan limit ki nesèsè pou defini "kontwòl medikal" pou enkli direksyon ijans ak non ijans pou tout pèsonèl sèvis medikal ijans yo atravè yon sant kontwòl medikal rejonan oswa nan eta a epi pou pèmèt pèsonèl sèvis medikal dijans opere anba konsèy ak direksyon yon enfimiyè pratikan, doktè asistan, oswa paramedikal, depi pwofesyonèl medikal sa a ap bay swen anba sipèvizyon yon doktè epi ki konfòm ak yon plan Depatman Sante a apwouve;
- Sibdivizyon (2) nan seksyon 6527, Seksyon 6545, ak Sibdivizyon (1) nan Seksyon 6909 nan Lwa sou Edikasyon an, nan limit ki nesèsè pou prevwa ke tout doktè, asistan doktè, asistan espesyalis, enfimiyè pratikan, enfimiyè pwofesyonèl ki anrejistre epi ki lisansye ak enfimiyè pratikan lisansye pral gen iminite kont responsablite sivil pou nenpòt blesi oswa lanmò ki ta koze dirèkteman akòz aksyon oswa omisyon pwofesyonèl medikal sa nan bay sèvis medikal pou sipòte repons Eta a fas ak epidemi COVID-19 la, sof si yo etabli ke blesi oswa lanmò a pwodui akòz neglijan grav pwofesyonèl sa a;
- Yo otorize nenpòt etablisman swen sante pou pèmèt etidyan yo, nan pwogram pou yo vin lisansye nan Eta New York egzèsè kòm yon pwofesyonèl swen sante, pou yo sèvi kòm volontè nan etablisman swen sante a pou kredi edikasyon kòm si etidyan te gen yon plasman nan yon

akò afilyasyon klinik, san yo pa antre nan nenpòt akò klinik sa;

- Malgre nenpòt lwa oswa regleman kontrè, founisè swen sante yo dispanse anba egzijans pou kenbe dosye yo nan limit ki nesèsè pou founisè swen sante yo fè travay kòm sa ka nesèsè pou reponn a epidemi COVID-19 la, ki gen ladan, men pa limite a, kondisyon pou kenbe dosye medikal ki reflekte avèk presizyon evalyasyon ak tretman pasyan yo, oswa egzijans pou bay kòd dyagnostik oswa pou kreye oswa kenbe lòt dosye pou rezon faktirasyon. Nenpòt moun ki aji rezonab e ki gen bònfw a anvè dispozisyon sa a, yo pral ba li iminite absolè kont responsablite pou nenpòt ki mankman nan konfòm li avèk nenpòt ki egzijans anrejistreman an. Pou pwoteje nenpòt moun ki aji rezonab epi ak bònfw a kont responsablite dapre dispozisyon sa a, yo sispann oswa modifiye egzijans pou kenbe dosye medikal anba Sibdivizyon 32 nan Seksyon 6530 nan Lwa sou Edikasyon, Paragraf (3) nan sibdivizyon (a) Seksyon 29.2 nan Tit 8 nan NYCRR la, ak nan Seksyon 58-1.11, 405.10, ak 415.22 nan Tit 10 NYCRR la, oswa nenpòt lòt lwa oswa règman konsa nan limit ki nesèsè pou founisè swen sante yo fè travay jan li ka nesèsè pou reponn a epidemi COVID-19 la;
- Seksyon 405.45 nan Tit 10 NYCRR la nan limit ki nesèsè pou pèmèt Komisè Sante a dezinye yon etablisman swen sante kòm yon sant twomatoloji, oswa pwolonje oswa modifiye peryòd kote yon etablisman swen sante ka deziyen kòm yon sant twomatoloji, oswa modifiye ekip revizyon pou evalyasyon sant twomatoloji a;
- Seksyon 800.3, 800.8, 800.9, 800.10, 800.12, 800.17, 800.18, 800.23, 800.24, ak 800.26 nan Tit 10 NYCRR la nan limit ki nesèsè pou etann tout sètifika founisè sèvis medikal ki deja egziste pou yon ane; pou pèmèt Komisè Sante a modifiye egzijans egzaminasyon oswa resètifikasyon pou sètifikasyon founisè sèvis medikal ijans yo; pou sispann oswa modifiye, anba diskresyon Komisè Sante a, nenpòt ki egzijans pou resètifikasyon founisè sèvis medikal pou ijans ki sètifiye avan yo; ak, nan diskresyon Komisè Sante a, devlope yon pwosesis ke Depatman Sante a ap detèmine, pou pèmèt nenpòt founisè sèvis ijans medikal ki sètifiye oswa ki gen lisans ki soti nan yon lòt Eta, pou bay sèvis medikal dijans nan eta New York; nan diskresyon Komisè Sante a, pou sispann oswa modifiye egzijans ekipman oswa veyikil yo pou kapab asire dirabilite operasyon EMS yo;
- Paragraf (6) nan sibdivizyon (b) nan pati 405.4 nan Tit 10 NYCRR nan limit ki nesèsè pou retire limit sou lè travay pou doktè ak etidyan pòsgradye yo;
- Souparagraf (ii) nan paragraf (2) nan sibdivizyon (g) nan Tit 10 N.Y.C.R.R. la nan seksyon 405.4, nan limit ki nesèsè pou pèmèt etidyan diplome nan lekòl medikal etranje ki gen omwen yon ane nan edikasyon medikal siperyè pou bay pasyan swen nan lopital yo, modifiye nan mezi pou pèmèt etidyan gradye sa yo bay pasyan swen nan lopital yo san lisans si yo konplete omwen yon ane edikasyon medikal siperyè;
- Sibdivizyon (e) nan seksyon 405.2 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt lopital jeneral ki afekte nan ijans katastwòf la mentni kantite anplwaye adekwa;
- Sibdivizyon (b) nan seksyon 405.3 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt lopital jeneral yo sèvi ak volontè ki kalifye oswa pèsònèl ki afilye avèk diferan lopital jeneral yo, dapre tèm ak kondisyon ke Komisè Sante a etabli;
- Seksyon 3507 nan Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) a k Pati 89 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknoloj an radyoloji ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèse nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistreman an;


- Seksyon 3502 ak 3505 nan Lwa sou Sante Piblik ak Pati 89 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknoloj an radyoloji ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 8502, 8504, 8504-a, 8505 ak 8507 nan Lwa sou Edikasyon (Education Law) an ak Soupati 78-4 nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt teknoloj an radyoloji ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6502 nan Lwa sou Edikasyon ak 8 nan 59,8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt asistan doktè ki lisansye ak ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6502 nan Lwa sou Edikasyon ak 8 nan 59,8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt enfimyè anrejistre ki lisansye ak enfimyè pratikan epi ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminèl ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Sibdivizyon (2-b) nan Seksyon 4002 nan Lwa sou Sante Piblik la nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon rezidans ospis dezinye nenpòt ki kantit kabann nan sant sa tankou kabann pasyan ki gen doub sètifikasyon;
- Tit V nan Atik 5 nan Lwa sou Sante Piblik ak soupati 19 ak 58 nan Tit 10 nan NYCRR la, nan limit ki nesèsè yo pou pèmèt laboratwa yo kenbe yon sètifika Lwa sou Amelyorasyon Laboratwa Klinik (Clinical Laboratory Improvement Acts, CLIA) ak reponn ak kalite estanda CLIA yo ki dekri nan 42 CFR nan Soupati H, J, K ak M, pou fè tès pou deteksyon SARS-CoV-2 nan echantyon yo kolekte nan moun ke yo sispèk k'ap souffri ak enfeksyon COVID-19 la;
- Atik 139 nan Lwa sou Edikasyon, nan Seksyon 576-b nan Lwa sou Sante Piblik ak Seksyon 58-1.7 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt enfimyè ki anrejistre bay lòd pou koleksyon echantyon gòj oswa prelèvman nazofarenje ki soti nan moun ke yo sispèk ki te enfekte avèk COVID-19 la, pou rezon tès; ak
- Sibdivizyon (1) nan Seksyon 6801 Lwa sou Edikasyon, Seksyon 6832 Lwa sou Edikasyon ak Seksyon 29.7 (a)(21)(ii)(b)(4) nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon teknisyen famasi ki sètifye oswa ki anrejistre, anba sipèvizyon dirèk pèsonèl yon famasyon ki gen lisans, pou ede famasist la ki gen lisans, jan sa mande, nan konpozisyon, preparasyon, anbalaj, oswa distribisyon medikaman yo itilize pou ranpli preskripsyon ki valab oswa lòd medikaman pou yon founisè enfizyon adomisil ki gen lisans kòm yon famasi nan New York, ki konfòm avèk estanda Chapit 797 Famakope Jeneral Etazini (United States Pharmacopeia General Chapter 797) yo pou konpozisyon famasetik - preparasyon esteril, ak bay sèvis enfizyon adomisil atravè yon ajans swen adomisil lisansye dapre Atik 36 nan Lwa sou Sante Piblik la.

ANPLIS DE SA, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive merredi 22 avril 2020.

- Yo Notorize enpòt etablisman swen sante pou pèmèt etidyan yo, nan pwogram pou yo vin

lisansye nan Eta New York egzèse yon pwofesyo swen sante, pou yo sèvi kòm volontè nan etablisman swen sante a pou kredi edikasyon kòm si etidyan te gen yon plasman nan yon akò afilyasyon klinik, san yo pa antre nan nenpòt akò klinik sa;

- Yo otorize Komisè Sante a opou li mande, epi li dwe mande, tout lopital jeneral yo, sant operasyon anbilatwa yo, pratik chiriji ki baze nan biwo ak sant dyagnostik ak tretman pou ogmante kantite kabann ki disponib pou pasyan yo, ki enkli anile tout chiriji ak pwosedi ochwa yo, jan Komisè Sante a pral defini. Lopital Jeneral yo dwe konfòme yo avèk lòd sa yo nan soumèt plan COVID-19 la bay Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH), nan yon orè NYSDOH ap gen pou detèmine, pou akonpli objektif sa a;
- Komisè Sante a gen otorizasyon pou sispann oswa revoke sètifika fonksyonman nenpòt lopital jeneral si yo pa kapab reponn ak egzijans kapasite direktiv ki nesèsè yo; e malgre nenpòt lwa ki kontrè Komisè an ka nonmen yon reseptè pou kontinye operasyon yo sou avi 24 èdtan bay operatè aktyèl la, nan mezi pou pwoteje lavi, sante ak sekirite moun ki nan Eta New York yo.
- Pa gen famasyon ki dwe dispansè idwoklowokin (hydroxychloroquine) oswa klowokin (chloroquine) eksepte lè yo ekri jan yo preskri pou yon endikasyon FDA apwouve; oswa kòm yon pati nan yon esè klinik ki gen rapò ak COVID-19 eta apwouve pou yon pasyan ki te teste pozitif pou COVID-19 la, ak rezilta tè s sa yo dokimante kòm yon pati nan preskripsyon an. Yo pa dwe otorize okenn lòt itilizasyon eksperymantral oswa profilaktik, epi yo limite nenpòt preskripsyon ke yo pèmèt a yon preskripsyon katòz jou san renouvèlman.
- Nenpòt konpayi asirans sante ki gen lisans dwe bay Sipè-entandan an, pa pita pase 24 mas, 2020 yon lis kin gen tout moun ki gen yon lisans pwofesyonèl oswa yon degre, kèlkeswa asistan doktè, doktè medikal, enfimyè anrejistre ki lisansye, enfimyè pratikan oswa enfimyè pratikan lisansye, epi kèlkeswa wi ou non moun nan gen yon lisans kounye a ki valab, oswa ekspire dènyèman (nan espas senk dènye ane yo) nan eta New York. Depatman Sèvis Finans (Department of Financial Services) yo pral fè sondaj sou moun sa yo pou detèmine si pwofesyonèl sa yo ta ka sèvi nan efò pou reponn ak COVID-19 la.
- Rasanble moun tout gwosè pou kèlkeswa rezon an ki pa nesèsè (eg. fèt, selebrasyon oswa lòt evènman sosyal) ap anile oswa repòte pou moman sa a.



SOU Lòd Gouvènè a

Sekretè Gouvènè a

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a
nan Vil Albany venntwazyèm jou
mwa mas nan ane de mil ven.